# Beruniy rayonında jáne 2 kóshege asfalt tóseldi

Image not found or type unknown

Beruniy rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen rayon aymaǵındaǵı Abay APJda jaylasqan 10-11-kóshede ońlaw jumısları alıp barıldı.
Ózbekstan Respublikası Prezidenetiniń «Abat awıl» hám «Abat máhálle» baǵdarlamaların ámelge asırıw boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqında»ǵı qararı orınlanıwın támiynlew baǵdarında Beruniy rayonı aymaǵında ishki xojalıq jollarına kiriwshi 82 avtomobil jolında ońlaw jumısları júrgiziliwi rejelestirilgen. Sonnan Abay APJ aymaǵındaǵı 9,1 km. jolda ońlaw jumısları júrgiziliwi belgilengen bolıp, búgingi kúnde 7,9 km. jol ońlandı.
Rayon kóleminde baǵdarlama boyınsha 8 kóshede asfalt tósew rejege kiritilgen hám bul boyınsha jumıslar dawam ettirilmekte.